19) *Nyonyahku wiwit krasan, tegese ngrasakake awak ana papan anyar. Aku nyicil seneng. Tangga lan calon tangga mbrudul, siji, loro, telu, lan embuh nganti pira. Aku kenalan. Ngenalake. Seneng, tanggane selot akeh. Luwih-luwih pendhak teka njur ngedum kerdusan isi panganan. Bancakan cara modern. Ora ngundang nanging terus didum mubeng. Lan sing nyenengake maneh, isi kerdhus ora mligi panganan awujud jajanan, kerep wae ketambahan sega beras kelas “wong sugih” digandhengi lawuhan sarwa iwak. (PS50)*

‘Istriku mulai betah, dalam arti betah di tempat baru. Aku mulai senang. Tetangga dan calon tetangga pada dating, satu, dua, tiga, dan banyak. Aku kenalan. Mengenalkan. Senang, tetangganya semakin banyak. Lebih-lebih

setiap dating kemudian membagikan kerdusan berupa makanan. Bancakan istilah modernnya. Tidak diundang tetapi langsung dibagikan keliling. Dan yang menyenangkan lagi, isi kardus itu tidak berupa makanan wujud jajanan, sering ditambahi nasi kelas “orang kaya” dibarengi dengan lauk serba daging.’





33	DL34				V					
34	DL35									
35	DL36		V							
36	DL37									
37	DL38	V								
38	DL39									
39	FT40							V		
40	FT41									V
41	FT42		V							
42	FT43	V								
43	FT44								V	
44	FT45	V								
45	FT46									
46	PS47			V						
47	PS48									
48	PS49									
49	PS50									
50										





34	DL34					v						
35	DL35											
36	DL36							v				
37	DL37											
38	DL38	v										
39	DL39											
40	FT40									v		
41	FT41											
42	FT42											
43	FT43											
44	FT44											
45	FT45			v								
46	FT46											
47	PS47					v						
48	PS48											
49	PS49										v	
50	PS50								v			



## Lampiran 3

## KARTU DATA

No. Data : 1	Sumber Data : BMW18i
Data: <p>“Dalem dipuntimbali inggih, Pak? Wonten dhawuh?”          “Iya, Pak Atmo. Sethithik. Sampeyan sida menyang Ngawi suk Jumat?”          “Inggih menawi Bapak ngeparengaken,” wangsulanku ngati-ati.</p>	
Analisis : Termasuk Kohesi Gramatikal <i>referen</i> atau pengacuan pronomina persona II tunggal bersifat anafora. Kata <i>Sampeyan</i> mengacu pada kata <i>Pak Atmo</i> yang ada sebelumnya.	
No. Data : 2	Sumber Data : BMW18i
Data: <p>“Bisa wae, Pak Atmo. Pak Atmo selawase melu aku meh patang taun rak durung nate mreji. Karo maneh aku ya arep istirahat. Arang rasane bisa kumpul keluarga kanthi taneg. Nyoba rasane taun baru kumpul anak bojo komplit. Lha iki kebeneran. Sasongko rak bisa mulih saka Los Angeles.”</p>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal substitusi. Kata keluarga merupakan unsur mengganti yang menggantikan <i>anak bojo komplit</i> .	
No. Data : 3	Sumber Data : BMW18i
Data: <p><i>Eling kedadeyan pitung taun kepungkur awakku rasane mrinding dhewe. Aku pancen tilas balandhong alas, tilas napi sing wis nglakoni paukuman amarga nglawan petugas alas. Ndadekake cacad selawase urip sawijining Polsus hutan. Tujune ora kebanjur mati kebabit wadungku. Jathuka aku mesthi kudu ndhekem ing hotel prodeo elek-eleke limalas taun</i></p>	
Analisis : Termasuk koherensi syarat. Kata <i>mesthi kudu</i> termasuk penanda hubungan syarat.	
No. Data : 4	Sumber Data : BMW18i
Data: <p>“Wah nggih mboten,” pamunggelku cepet (najan tetep sopan), genah aku nulak. Rasane lucu yen Pak Him ngendika mengkono. Selawase iki, sing tau takrungu, durung ana juragan sing rumangsa dibantu kuli. Sing umum ya kosok baline. Luwih-luwih tumrape aku sakaluwargaku. Aku rak mung sopir. Lan kerep wae aku bisa nampa peparangi juragan luwih akeh tinimbang samesthine. (Iki sing sok gawe eringe kanca-kanca sapepadha sopir, yen kala-kala takcritani).</p>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu antonim hubungan. Kata <i>kuli</i> dan <i>juragan</i> menunjukkan kedudukan yang berlawanan.	

No. Data : 5	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>“Wah, lha mangke Bapak menawi tindak?” aku perlu nlesih. Awit ya bener kendharaane juraganku iki sapirang-pirang. Ana Kijang, Taft, Starlet, ColtT 120 weton taun 1979 sing mung dimusiumake jalaran ngono critane Mbok Rebi sing wis ndherek rong puluh taun lawase. Kuwi mobil minangka sejarah lakone Pak Him minangka pengusaha.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi leksikal yaitu hiponimi. Kata <i>Kijang, Taft, Starlet, ColtT 120 weton taun 1979</i> merupakan hiponimi dari kata <i>kendharaan</i>.</p>	
No. Data : 6	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Eling bab sedhan BMW duweke juraganku, turuku dadi molak-malik. Bojoku ngertine aku mung kesel. Njur dipijeti. Awak penak, nanging pikiran pancet kesel amarga digodha maneka warna gambaran worsuh dadi siji. Arep kandha bojoku aku isin, wedi yen dikira gawe-gawe. Mbebeda.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk koherensi perturutan. Kata <i>njur</i> menunjukkan adanya hubungan perturutan.</p>	
No. Data : 7	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Saupama sida takgawa temenan, njur cet-e mbeset sithik mbuh kena apa, apa nyempret apa diorek-orek bocah, wragade mulihake bakal ngentekake blanjaku wae isih kudu tombok. Mula takgagas bener aturku sakawit, krenahe juraganku kuwi sejene unik ya cetha bakal gawe sengsaraku. Embuh cilik, embuh gedhe.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi leksikal yaitu antonimi kutub. Kata <i>gedhe</i> dan <i>cilik</i> menunjukkan adanya hubungan perlawanan yang bersifat gradasi.</p>	
No. Data : 8	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Tengah wengi aku nglilir. Saka ora kuwatku ngempet, bojoku takgugah, takjarwani. Bareng krungu bojoku melu sumlengeren. Maune ya mbantah, dianggep omongane juraganku kuwi mung dhapur guyon. Ngguyoni. Ya kaya pangiraku maune. Nanging pungkasane ora. Ya kaya aku saiki: percaya.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi leksikal yaitu ekuivalensi. <i>Guyon</i> dan <i>ngguyoni</i> berasal dari kata dasar sama yaitu <i>guyu</i>.</p>	

No. Data : 9	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Jebul sing dadi legeg ora mung aku dhewe. Bojoku ya ketularan. Malah luwih nemen. Yen maune ketok gumbira, sumringah, cepak-cepak sing bakal digawa menyang ndesa, saiki kaya wong aras-arasen. Malah kawetu tembunge, yen becike ora sida wae. Kontan anak-anakku sing ora mudheng dhodhok selehe, mung krungu saruwing yen ora sida, njur nggegeri. Wong ya bocah cilik (sing mbarep lagi kelas siji SMP).</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi gramatikal yaitu ellipsis. Pada contoh di atas ada satuan yang dilesapkan yaitu berupa frasa <i>bojoku</i>.</p>	

No. Data : 10	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Isih ana wektu rong dina. Iki lagi Rebo. Dina iki arep matur yen ora sida taun barunan ana ndesa. Cekake ora sida lungan menyang ngendi-endi. Umpama juraganku ora percaya, lan aku dipeksa-peksa, aku bakal matur yen kepareng arep ngampil Kijang utawa Taft GT-ne wae.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk koherensi waktu. Kata <i>dina iki</i> menunjukkan penanda hubungan waktu.</p>	

No. Data : 11	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Aku njujug garasi BMW. Krodhong tak bukak. (Najan garasine resik, mening, ning mobil iki tansah dikrodhongi). Aku rada kaget bareng ndemek kap krasa anget. Sajake mobil iki bar diuripake. Apa digawa metu apa mung dipanasi mesine? Gek sapa? Apa Pak Him piyambak? Aku nyawang pandon indikator premium. Full. Pancen arang kanggo. Ah, perduli apa. Mobil taktokne saka garasi. Tak parkir ana latar, persis sakiwane Pak Him lenggah. Aku mudhun. Ngelapi kanthi ngati-ati (najan maune ya wis resik). Taksawang Pak Him mlebu ndalem. Njur metu pas aku wis lungguh maneh. Neng kursiku mau.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi leksikal yaitu repetisi. Data di atas terlihat ada pengulangan kata mobil beberapa kali.</p>	

No. Data : 12	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Gelem ora gelem BMW takgawa. Tinimbang dipecat? Ing ndalan aku nerusake rasa gawokku. Gek iki sandiwara modhel apa maneh? Apa Pak Him ora wedi iki takblandhangake? Ning ta ya takbacutake dhewe, upama mblandhangake ya gek apa gunane? Kepriye olehe arep ngedol? Gek sapa sing percaya wong kaya aku kok ngedol BMW. Wah hiya, kathik ya gebleg temen aku. Ngedol barang mewah mono ora gampang. Isih gampang adol pitik utawa pit onthel.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi gramatikal yaitu konjungsi koordinatif yang menunjukkan suatu</p>	

perbandingan dengan penanda *utawa*.

No. Data : 13	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Sidane aku mulih menyang Ngawi sakulawarga nganggo BMW. Ana tanggaku sing gumun. Nanging luwih akeh sing ora. Ngerti yen aku mono mung sopir pribadi sawijining pengusaha gedhe. Sing digumuni dudu olehku nggawa mobil, ning olehe juraganku ngentuki aku mulih nggawa mobil. Gek mobil mewah pisan. Aku kober umuk, menawa mobil kuwi didol, dingo tuku lemah sakdhukuh kene isih turah.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi gramatikal yaitu konjungsi subordinatif yang menunjukkan suatu perlawanan dengan penanda <i>nanging</i>.</p>	
No. Data : 14	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Sedina ngaso ana ndesa aku ora kober sanja mrana-mrene kaya biasane. Aku mung ngedhuwel ana ngomah. Karo nyawang BMW. Nggusahi bocah cilik-cilik sing padha nyedhak. Lagi wae arep ndemek aku wis nyentak. Nanging wong jenenge bocah. Siji diluruhi sijine teka. Saya akeh. Malah saka dhukuhan etan kulon kali barang ya padha teka. Padha arep nonton. Persis ndhek nalika aku isih cilik nonton montor mabur ceblok ing cedhake desaku kono.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi leksikal yaitu antonimi mutlak yang ditunjukkan oleh kata <i>etan kulon</i>. Data di atas juga menunjukkan koherensi penekanan yang ditunjukkan dengan kata <i>malah</i>.</p>	
No. Data : 15	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Kesel ngluruhi, pungkasane aku gawe pager. Mobil kuwi takpageri mubeng ambane sakjangkah. Dadi tangane bocah cilik ora gaduk</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk koherensi penyimpulan yang ditandai dengan penanda <i>dadi</i> yang menunjukkan kesimpulan.</p>	
No. Data : 16	Sumber Data : BMW18i
<p>Data:</p> <p><i>Aku ora mbantah. Arep mbantah ya percumah. Bojoku genah ora bakal percaya yen sajane aku ya wis kipa-kipa emoh nggawa BMW, wong nyatane tetep takgawa.</i></p>	
<p>Analisis :</p> <p>Termasuk kohesi leksikal yaitu ekuivalensi. Kata <i>nggawa</i> dan <i>takgawa</i> menunjukkan adanya hubungan ekuivalensi yang sama-sama berasal dari kata dasar <i>gawa</i>.</p>	

No. Data : 17	Sumber Data : BMW18i
Data: <i>“Wah Pak Atmo jan kaya konglomerat,” ujare Mas Sasongko ngguyoni. Kabeh ngguyu. Kalebu Mbok Rebi lan Yatun sing isih iwut laden panganan lan unjukan</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu konjungsi koordinatif yang menunjukkan penambahan yang ditandai dengan penanda <i>lan</i> .	

No. Data : 18	Sumber Data : BMW18i
Data: <i>“Anu, Pak...” aku njur crita lelakonku rong ndina nggawa BMW menyang ndesa. Nganti olehku nggawe pager, olehku ngeleki saben wengi, nganti olehku suntik. Sing ora takcritake mung panguman-umane bojoku. Aku isin.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu repetisi. Data di atas terlihat adanya kata <i>olehku</i> yang diulang beberapa kali.	

No. Data : 19	Sumber Data : BMW18i
Data: <i>Kabeh sing krungu crita kuwi ngguyu kemekelen. Pak Him, Bu Him, Mbak Wuri, Mas Sasongko. Mbok Rebi lan Yatun yen melu krungu ya mesthi melu kekelen. Tujune pembantu loro kuwi wis memburi</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu substitusi. Kata <i>kabeh</i> merupakan substitusi atau penggantian dari <i>Pak Him, Bu Him, Mbak Wuri, Mas Sasongko</i>	

No. Data : 20	Sumber Data : BMW18i
Data: <i>Aku sakala kelingan hadiah sing taktampa setaun kapungkur. Ya saka Pak Him. Ya klambi. Ya anyar. Mereke ya terkenal. Nanging ukurane gedhen. Ndadak nyilikake dhisik. Ndadak nggawa menyang penjait bonafid. Antri. Suwe.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu repetisi. Data di atas terlihat adanya kata <i>Ya</i> yang diulang beberapa kali.yang diulang beberapa kali.	

No. Data : 21	Sumber Data : BMW18i
Data: <i>Rikala semono Pak Him ngendika karo gumujeng. “Pancen klambi mono mawa ukuran, Pak Atmo. Kudu pas. Kecedhen ora penak. Semono uga yen keciliken</i>	
Analisis :	

Termasuk koherensi waktu yang ditunjukkan dengan kata *rikala semono* dan juga merupakan koherensi penambahan yang ditunjukkan oleh kata *semono uga*.

No. Data : 22	Sumber Data : BMW18i
Data: <i>Klambi sing takiling-ilingi. Takdeleng ukurane pancen luwih cilik tinimbang sing biyen. Samar yen kegedhen maneh. "Yen saiki takjamin pas, Pak". Aku manthuk kurmat.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu sinonimi. Kata <i>takiling-ilingi</i> dan kata <i>takdeleng</i> merupakan kata yang sama-sama mempunyai makna melihat.	

No. Data : 23	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>Wadon setengah umur sing dakkira mesthi rewange pamit memburi, kari aku ditinggal ijen ing ruwang tamu pendhapa. Clilengan nyawang perabot kang sarwa kuna. Meja, kursi, jam tembok, lukisan panen pari</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu hiponimi. Kata <i>meja, kursi, jam tembok, lukisan panen pari</i> merupakan hiponim dari kata <i>perabot</i> .	

No. Data : 24	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>Kaya diputerake film sejarah, pikiranku banjur kentir ing jaman kepungkur, likuran taun kawuri. Nalika diwulang Bu Gin, luwih-luwih ing kelas telu (pas Bu Gin dadi waliku), aku kerep dolan ing omah iki, bareng Darto lan Purnomo gojegan ing wit sawo kecil sakembaran kuwi.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu konjungsi koordinatif yang ditandai dengan kata <i>banjur</i> yang menunjukkan makna perturutan.	

No. Data : 25	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>Aku mono kondhang anake benggol kampak. Ibuku bekas kedhek tayub. Nalika bapakku dibuwang meyang Nusakambangan, ibuku njur digawa minggat sawijining sopir, embuh menyang ngendi. Ora genah nganti tekan seprene. Wiwit oncad saka omahe Pakdhe Merto krandhahe bapak. Aku urip sarana ngenger-ngenger, mburuh-mburuh betheke bisa nunut mangan. Mengkono daklakoni nganti bias lulus SMP lan SMA. Nasib becik ngiringi lakuku lolos saka ujian penyaringan Perguruan Tinggi. Mung butuh mbatur ing omahe sawijining pengusaha kerajinan kulit setaun, terus entuk beasiswa saka pamarentah, nganti lulus sarjana ekonomi</i>	
Analisis : Termasuk koherensi perturutan yang ditunjukkan dengan kata <i>terus</i> .	

No. Data : 26	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>Nanging ora. Dina iki dudu wancine wong geguyonan. Dina iki mujudake dina kang wigati ing sadawaning uripku. Aku kudu migunakake kalodhangan iki kanthi becik</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu konjungsi koordinatif yang menunjukkan hubungan cara. Penanda konjungsinya ditandai dengan kata <i>kanthi</i> .	

No. Data : 27	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>“Ibu tansah ndedongo kanggo kowe lan putra-putrane Ibu liyane. Iki Purnomo uga mentas wae teka. Wingenane. Njur mriksa Ibu. Menehi obat lan nitipake kasarane Ibu menyang Dokter Harun, ya sing mriksa Ibu iki mau. Dheweke dadi kadinkes ing Malang saiki. Rong sasi kepungkur Dwiyantri lan Rahayu. Dwiyantri dadi dosen ing Surabaya, Rahayu ketampa Polwan sawise tamat universitase. Saiki pangkate wis kapten. Hebat kabeh pokoke, Ibu bombong banget, putra-putrane Ibu wis padha dadi priyayi agung. Mung Ibu dhewe sing isih ajeg, tetep dadi guru. Malah wis pensiun.”</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu sinonimi. Kata <i>ajeg</i> dan <i>tetep</i> merupakan kata yang sama-sama mempunyai makna tetap/tidak berubah.	

No. Data : 28	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>“Menika ngersakaken tindak pundi malih?” Pak Rus njaluk prentah sawise aku mlebu mobil. “Langsung hotel wae, Pak Rus. Terus sore iki uga awake dhewe kudu bali.” “Langsung kondur Semarang malih?” Aku mantuk tegas. Pak Rus ngingeti aku satleraman saka kaca spion njero, banjur mindah persnelling.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu sinonimi yang ditunjukkan dengan kata <i>bali</i> dan <i>kondur</i> yang sama-sama mempunyai makna pulang.	

No. Data : 29	Sumber Data : Bu Gin
Data: <i>Sesuk aku kudu nekani panggilan kapindho saka kejaksan ngenani kasus korupsi puluhan milyar ing bank sing dakpimpin. Saiki posisiku isih dadi terperiksa. Nanging sesuk-sesuk kono ora mokal yen posisiku mesthi wis dadi tersangka, njur terdakwa, pungkasan narapidana. Bu Gin, nyuwun pangapunten...</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu kolokasi. Adanya kata <i>tersangka</i> , <i>terdakwa</i> , dan	

*narapidana yang menunjukkan adanya hubungan dalam bidang kejaksaan.*

No. Data : 30	Sumber Data : Dhompét Lemu
Data: <i>Gaji karyawan hotel kok mung pitung puluh lima ewu. Sakawit Kasno kober grundelan. Nanging kepriye maneh. Golek gaweyan saiki sangsaya angel. (Isih gampang golek bojo). Mula ya tetep dilakoni. Najan rekasa . njaba njero.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu antonimi. Kata <i>angel</i> berantonimi dengan kata <i>gampang</i> , sedangkan kata <i>njaba</i> berantonimi dengan kata <i>njero</i> .	

No. Data : 31	Sumber Data : Dhompét Lemu
Data: <i>Kasno ora manthuk. Ora ngiyani. Nanging wusanane uga tuwuh pepenginan nyoba kaya sing dikandhakake Gimán kuwi</i>	
Analisis : Termasuk koherensi penambahan yang ditunjukkan dengan kata <i>uga</i> .	

No. Data : 32	Sumber Data : Dhompét Lemu
Data: <i>Bola-bali sing dibangetke ki ya Trekos alias Pak Hermawan Priyambodo. Dijaluki nunutan urip wae cik tegele. Ala tanpa rupa aku iki rak bekas kanca kenthele. Malah nalika SMP biyen aku tau nulungi menehi sepedhah bekas nalika bapake isih mlarat-mlarate. Nalika isih manggon sakutha lan uga sakampung.</i>	
Analisis : Termasuk koherensi penekanan yang ditunjukkan dengan kata <i>malah</i> .	

No. Data : 33	Sumber Data : Dhompét Lemu
Data: <i>Wis meh setaun anggone Kasno mergawe ing hotel. Bener kandhane Gimán kepungkur. Yen dideleng saka jinise pakaryan, pancen gaweyane Kasno blas dudu pakarya bergengsi. Lha ya mung pelayan hotel. Gek ya mung hotel kelas mlathi, dudu bintang. Nanging jebule bab penghasilan banget fantastis. Ya bener ana ing tulisan gajine mung pitung puluh lima ewu. Nanging sig ditampa bisa tikel kaping papat utawa limane. Mula padha krasan. Lan aja selak kesusu nduga sing ora-ora. Dhuwit sakmono kuwi resmi. Lire ora olehe ngapusi utawa korupsi. Wong kuwi pinangka tip saka tamu sing kelegan nampa sevice.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu substitusi. Kata <i>sakmono</i> merupakan substitusi atau penggantian dari kata <i>pitung puluh lima ewu</i> .	

No. Data :34	Sumber Data : Dhompet Lemu
Data: <i>Nanging atine Kasno trataban. Kelingan dhompet lemu. Mengko ayake Pak Hermawan weruh yen dheweke nemu dhuwit sagebung. Mesthi bakal weruh. Sebab tamune mesthi bakal mbalik meneh. Nakokne menyang pengurus hotel. Mokal yen ora.</i>	
Analisis : Termasuk koherensi sebab-akibat yang ditandai dengan kata <i>sebab</i> .	

No. Data : 35	Sumber Data : Dhompet Lemu
Data: <i>Wah piye, ya? Kasno isih bingung. Olehe adus wis rampung. Wis mlebu kamare dhewe. Arep salin penganggon seragam karyawan. Ah, gampang kuwi. Bab tamu gampang. Ethok-ethok ora ngerti wae wis beres. Salaha dhewe ninggal dhompet saenggon-enggon.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu ellipsis. Data di atas terdapat pelesapan kata <i>Kasno</i> .	

No. Data : 36	Sumber Data : Dhompet Lemu
Data: <i>Dheg! Dhadhane Kasno kaya didhodhog alu-gara. Sawise kawit mungkur, Kasno enggal menyat. Tangane gurawalan ngranggeh dhompet lemu sing didlesepake ing sisihe tumpukan pakeyan. Tekade wis gembleng: dhuwit bakal diserahne menyang pimpinan hotel. Kareban dirampungake pimpinan dhewe utawa manager hotel ketimbang urip ora bisa tentrem. Dikapak-kapakna Kasno pilih golek dhuwit sing halal. Yen setiti olehe nglumpukake dhuwit mengko ya bakal nduwe dhuwit akeh. Ora usah kathik nganggo nemu-nemu bandhane liyan.</i>	
Analisis : Termasuk koherensi syarat yang ditunjukkan dengan kata <i>yen</i> .	

No. Data : 37	Sumber Data : Dhompet Lemu
Data: <i>“Lungguha sing kepenak. Aku arep kandha bab sing rada penting sethithik.”</i> <i>“Wis tak rawati, Pak, anune...” panyaute Kasno cepet lan semu groyok.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu pengacuan pronomina personal I tunggal bersifat anafora. Morfim terikat <i>tak</i> mengacu pada kata <i>aku</i> yang ada di depannya.	

No. Data : 38	Sumber Data : Dhompet Lemu
Data: <i>“Ora perlu cilik atimu, Kas. Iki wis wancine kowe ngundhuh wohing</i>	

<i>prihatinmu sasuwene setaun ing kene. Wis ta lah, pokoke kowe wis lulus pendadaran lan ujian. Dhompet kuwi wenehna pak Jatmika. Lan bab gaweyanmu mengko, kowe bisa omong-omong dhewe karo Pak Jatmika</i>
Analisis : Termasuk koherensi penambahan yang ditunjukkan dengan kata <i>lan</i> .

No. Data : 39	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>“Pancen ya nganeh-anehi, ing atase tengah kutha ngene kok ya ana ledheke. Ledhek! Ngerti, ta? Dudu sindhen utawa waranggana,” ujare Waris karo pecuca-pecucu, sajak sirik banget. Aku meneng. Ora nyambung</i>	
Analisis :	

No. Data : 40	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>Nanging aku mung meneng wae. Malak kala-kala nganthuki utawa mesem yen sakirane rembuge patut diesemi. Aku eling kandhane Burhan ya sing mapanake aku ing dhaerah iki. Jarene, Waris kuwi preman tanggung. Tegese preman temenan ya durung, nanging sing dilakoni akeh sithik penggaotane preman. Upamane njejaluk kanthi peksan, majegi toko-toko, yen kepepet maling ya ora nyirik.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal ekuivalensi. Kata <i>mesem</i> dan <i>diesemi</i> merupakan ekuivalensi yang sama-sama dari kata dasar <i>esem</i> .	
No. Data : 41	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>“Ra usah kuwatir, aku bisa njaga awak,” wangsulanku ngyakinake. Lan tembung-tembung kuwi dakbuktekake temenan. Manggon meh ganep rong sasi ing dhaerah elite kuwi aku ora entuk apa-apa, ya ora entuk panacad saka masyarakat kono, malah entuk kanca akeh kalebu Waris sing jarene preman tanggung kuwi.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu ellipsis. Pada data di atas terdapat kata <i>aku</i> yang dilesapkan.	

No. Data : 42	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>Rong sasi kepungkur aku crita karo Burhan, kanca nunggal sapamulangan, yen kontrakanku omah wis entek lan kepengin pindhah enggon ben ganti swasana. Burhan kandha kebeneran, omahe paklike suwung. Paklike sing pejabat ing pemda diangkat dadi sekwilda ing dhaerah liya. Omahe sing gedhe nganggur</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal yaitu pengacuan. Klitik- <i>e</i> merupakan mengacu pada	

kata *Burhan* yang ada sebelumnya.

No. Data : 43	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>Karo isih thak-thuk ntuli keyboard aku rengeng-rengeng. Lagune ngawur, pokoke enak ning kupingku dhewe. Cendhela dakbukak byak. Saka lantai dhuwur iki aku bisa nyawang ngendi-endi, jalaran ora kabeh omah ing kana ditingkat. Ing kana lapangan tenis. Sisih kana taman bunder. Sebelah tengene watara sepuluh meter, nggrombol bakul-bakul panganan, ana es degan, tahu kupat, bakso, mie ayam, goreng-gorengan, komplit. Ya ing kana kuwi Waris kerep cangkruk.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu hiponimi. <i>es degan, tahu kupat, bakso, mie ayam, goreng-gorengan, komplit</i> berhiponimi dengan kata <i>panganan</i> .	

No. Data : 44	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>Dina Minggu aku katekan dhayoh sing gawe ati trataban. Sapa maneh yen ora Waris. Pancen blaik temenan. Gek ana apa. Seprana-seprene lagi sepisan iki dheweke sanja. Biyasane aku sing mara ing cangkrukane. Gek ana apa? Apa mbutuhake dhuwit?</i>	
Analisis : Termasuk kohesi gramatikal pengacuan pronomina persona III tunggal bersifat anafora. kata <i>dheweke</i> mengacu pada kata <i>Waris</i> yang ada sebelumnya.	

No. Data : 45	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>Waris mulih sawise ngesok tuntas bruwalane. Daktawani mangan dheweke nulak. Ning nalika dakulungi Wismilak sabungkus ditampani.</i>	
Analisis : Termasuk koherensi perlawanan yang ditunjukkan dengan kata <i>ning</i> .	

No. Data : 46	Sumber Data : Filsafat Tresna
Data: <i>Kringetku wiwit gembrobyos. Genah Waris ngleksanakake ancamane temenan. Ora lidok. Ing koran lokal, esuke, aku bisa maca. Sing mateni wis kecekel. Ora ndadak digoleki amarga wis mara dhewe. Pasrah bongkolan karo barang buktine arupa badhik. Pancen menakake tugas polisi.</i>	
Analisis : Kata <i>amarga</i> menunjukkan penanda kohesi konjungsi subordinatif dan juga menyatakan koherensi sebab-akibat.	

No. Data : 47	Sumber Data : Panggung Sandiwara
Data: <i>“Wong sabamu adoh pitik wae kok ndadak crita warna-warna. Paling sing crita rak kancamu, ibu-ibu arisan kantor kae. Utawa yen ora ya ibu-ibu</i>	

<i>kumpulan Dasawisma. Rak iya, ta? Utawa...” kuwi pambantahku ndhek semana. La ya kudu menang. Ora ateges nang-nangan dupeh wong lanang, kepala keluwarga. Sebab yen ora bakalan cilaka banget.</i>
Analisis : Termasuk koherensi sebab akibat yang ditunjukkan dengan kata <i>sebab</i> .

No. Data : 48	Sumber Data : Panggung Sandiwara
Data: <i>Nalika kelakon mlebu bleng omah anyar, omahe dhewe, tak kira kuwi pucukaning panguripan suwarga donya. Jebule kang tinemu setengah neraka.</i>	
Analisis : Termasuk kohesi leksikal yaitu antonimi. Kata <i>suwarga</i> berantonim mutlak dengan kata <i>neraka</i> .	

No. Data : 49	Sumber Data : Panggung Sandiwara
Data: <i>Temenan. Nalika ana pendaftaran omah murah, aku age-age melu ndaftarake. Milih tipe sing cilik dhewe. Sing kamare mung siji, lan lemah sisane mung kena dinggo anjang-anjang pemeyan, nggo mepe klambi utawa karak yen kebeneran segane turah. Kuwi sing sisih mburi. Sing sisih iringan (mung sesisih, wong sisihe maneh wis kelet temboke tangga), malah mung cukup kanggo salipan wedhus (kuwi ya yen ngingu wedhus).</i>	
Analisis : Termasuk koherensi kegunaan yang ditunjukkan dengan kata <i>cukup</i> yang menyatakan makna kegunaan.	

No. Data : 50	Sumber Data : Panggung Sandiwara
Data: <i>Nyonyahku wiwit krasan, tegese ngrasakake awak ana papan anyar. Aku nyicil seneng. Tangga lan calon tangga mbrudul, siji, loro, telu, lan embuh nganti pira. Aku kenalan. Ngenalake. Seneng, tanggane selot akeh. Luwih-luwih pendhak teka njur ngedum kerdusan isi panganan. Bancakan cara modern. Ora ngundang nanging terus didum mubeng. Lan sing nyenengake maneh, isi kerdhus ora mligi panganan awujud jajanan, kerep wae ketambahan sega beras kelas “wong sugih” digandhengi lawuhan sarwa iwak.</i>	
Analisis : Termasuk koherensi cara yang ditunjukkan dengan kata <i>njur, lan, terus</i> yang pada data tersebut menyatakan cara membagikan makanan.	

## Lampiran 4

### BMW318i


Aku mau matur dening juraganku. Nyuwun idi pamit rong dina saprelu ngeterake anak-anakku sing arep ngentekake liburan taun baru nyang daleme simbahe ing Ngawi. Juraganku ngeparengake, malah aku diutus nggawa kendharaane. Aku kaget nalika Pak Him ngendika yen aku diutus nggawa sedhan kagungane kanggo bali menyang desa. Sedhan kuwi kalebu mobil pethingan. Ing kutha Sala, najan ya wis akeh sing duwe nanging ora sembarang wektu lan panggonan bisa diprangguli. Eling bab sedhan BMW duweke juraganku, turuku dadi molak-malik. Saka ora kuwatku ngempet, bojoku takgugah, takjarwani. Bareng krungu bojoku melu sumlengeran. Malah ketok nemen. Yen maune ketok gumbira cepak-cepak sing bakal digawa menyang ndesa, saiki kaya wong aras-arasen.

Isih ana wektu rong dina. Dina iki aku matur yen ora sida taun barunan ana ndesa. Cekake ora sida lungan menyang ngendi-endi. Juraganku ora percaya, lan aku dipeksa-peksa, terus aku matur yen kepareng aku ngampil kijang utawa Taft GT-ne wae. Dina kamis esuk Pak Him ngutus aku ngetokake BMW saka garasi. Aku rada kaget bareng ndemek kap krasa anget. Pak Him mlebu omah banjur metu gawa amplop minangka sanguku. Aku thingak-thinguk bingung. Gelem ora gelem BMW tak gawa. Tinimbang dipecat. Sidane aku mulih menyang Ngawi sakulawarga nganggo BMW. Ana tanggaku sing gumun, nanging akeh sing ora. Ngerti yen aku mono mung sopir pribadi sawijining pengusaha gedhe.

Sedina ngaso ana ndesa aku ora kober sanja mrana-mrene kaya biasane. Aku mung ngedhuwel ana omah. Nggusahi bocah cilik-cilik sing padha nyedhak. Lagi wae arep ndemek wis tak sentak. Kesel ngluruhi, pungkasane aku gawe pager. Mobil kuwi takpageri mubeng ambane sakjangkah. Dadi tangane bocah cilik ora gaduk. Bengine aku ora turu njero omah. Aku milih turu njaba. Nggelar klasa cedhak mobil, samba ngrungokake wayang kulit saka radio. Esuke awakku lungkrah. Bojoku tak kon ngeriki bekah-bekuh, nyokurake. Sesuke iseh padha. Aku isih dhines nggusahi bocah-bocah. Yen bengi isih nunggoni. Watukku

kayadene gunremenge bojoku, sangsaya ndadi. Wekasne mung kuwat rong dina. Minggu sawise aku suntuk nyang nggone mantra Lasidi (kancaku nalika SMP), aku bablas bali menyang Sala. Anak bojoku taktinggal, ben mulih dhewe sesuk.

Tekan Sala, daleme juraganku, pas keluarga pengusaha sukses kuwi nglumpuk ana serambi ngarep. Kabeh padha guyoni aku kalebu Mbok Rebi lan Yatun sing isih iwut laden. Aku crita lelakonku nggawa BMW menyang ndesa, olehku nggawe pager, olehku ngeleki saben wengi, nganti olehku suntuk. Sing ora takcritake mung panguman-umane bojoku. Aku isin. Kabeh sing krungu padha ngguyu kumekelen. Nalika aku pamitan, Pak Him nyandhet. Banjur aku aku diparingi buntelan. Buntelan taktampa, katon klambi anyar isih plastikan. Ana tulisann merek-e Nina Ricci, kaya agemane Pak Him. Aku kelingan hadiah sing taktampa setaun kepungkur ya klambi anyar nanging ukurane kegedhen. Ndadak nyilikake dhisik. Nanging sing iki mono pas ora kegedhen utawa keciliken. Aku mantuk kurmat karo matur nuwun.



## Bu Gin

Pitung taun kepungkur aku sanja ing daleme Bu Gin iki sangu ati kang bombing, awit wis kasil nggayuh title sarjana ekonomi kanthi becik. Sawijining prestasi sing luhur sing edab-edabi ing atase aku biyen mung anak turune wong kang cinacad ing satengahing babrayan. Aku salam, banjur ana wadon setengah umur langsung aweh wangsulan. Aku dimanggakake lungguh lan menehi ngerti yen Bu Gin lagi priksa ning Dhokter Harun karo Mbak Arum. Aku ngenteni karo cilengan nyawang perabot kang sarwa kuna. Meja, kursi, jam tembok, lukisan panen pari. Kaya diputerake film sejarah, pikiranku banjur kentir ing jaman kepungkur, likuran taun kawuri. Nalika diwulang Bu Gin ing kelas telu. Aku kerep dolan ing omah iki bareng Darto lan Purnomo gojegan ing ngisor wit sawo kecil sakembaran.

Njur kelingan gedhong sekolahan tinggalane Landa sing lawang lan cendhelane padha gedhene. Esuk mau nalika menyang sekolahan, wis ora ana siji wae guru sing dakkenal. Kabeh guru anyar sing umur-umurane ora adoh karo aku. Cukup kanggo dina aku bisa ketemu BU Gin sing isih sugeng, nadyan kahanane wis gerah-gerahan. Aku perlu sungkem ing ngarsane. Perlu atur panuwun. Saumpama ora ana Bu Gin sing mbayari SPP-ku mokal aku bisa tamat SD> aku mono kondhang anake benggol kampak. Ibuku bekas ledhek tayub. Nalika bapakku dibuwang menyang Nusakambangan lan ibuku digawa minggat sawijining sopir. Aku melu Pakdhe Merto. Aku urip sarana ngenger-ngenger. Mburuh-mburuh betheke bisa nunut mangan nganti lulus SMP lan SMA. Nasib becik ngiringi lakuku lolos saka ujian Perguruan Tinggi terus entuk beasiswa saka pamarentah nganti lulus sarjana ekonomi.

Let sedhela, Bu Gin rawuh digandheng dening Mbak Arum. Bu Gin takok kahanane kabarku lan keluargaku. Bu Gin crita yen Purnomo uga mentas wae teka. Dheweke dadi Kadinkes ing Malang. Rong sasi kepungkur Dwiyantri lan Rahayu uga saka kene. Dwiyantri dadi dosen ing Surabaya, Rahayu dadi Polwan sawise tamat universitase. Bu Gin uga dongake putra-putrane, wis padha kelakon nggayuh cita-citane. Menit mbaka menit lumaku. Lancer kayadene jejagongan

kuwi dhewe. Kabeh dibuka lan dicrita. Bener-bener patemon kang nyengsemake lan ora bakal daklalekake kanggo selawase. Pandom jam kuna ing gebyok nuduhake angka 6 kurang limang menit. Aku nggegem astane Bu Gin kang wis keriput. Rasane abot ing ati lan sikil arep jumangkah pamit. Nanging kudu jumangkah ninggalake omah kuwi.

Pak Rus, sopirku njaluk prentah marang aku. Aku mlebu mobil lan tak prentah bali hotel banjur langsung bali Semarang. Aku ngetokake sapu tangan. Ngusapi tlapukan kang kumembeng. Ana rasa perih nunjem pulung ati. Salah sijine rasa dosa lan getun, keduwung. Utamane marang Bu Gin sing wis paring pambombong lan piwulang luhur wiwit aku isih cilik.

Sesuk aku kudu nekani panggilan kapindho saka kejaksan ngenani kasus korupsi puluhan milyar ing Bank sing dakpimpin. Saiki posisiku isih dadi diperiksa. Nanging sesuk-sesuk kono ora mokal yen posisiku mesthi wis dadi tersangka, njur terdakwa, pungkasan narapidana. Bu Gin nyuwun pangapunten....



### **Dhompot Lemu**


Gaji karyawan hotel kok mung pitung puluh lima ewu. Sakawit Kasno kober grundelan. Banjur dikandhani dening Gimana nek kon njajal dilakoni dhisik. Bola-bali sing dibangetake ki ya Trekos alias Pak Hermawan Priyambodo. Dijaluki nunutan urip wae cik tegele. Ala tanpa rupa aku iki rak bekas kanca kenthele. Malah nalika SMP biyen aku tau nulungi menehi sepedhah bekas nalika bapake isih mlarat-mlarate. Nalika isih manggon sakutha uga sakampung. Mengkono sambate Kasno. Nyatane Kasno ora nulak nalikane Pak Sugeng sing dadi kepercayane Pak Hermawan aweh prentah ika-iki. Kabeh sarwa sendhika dhawuh. Dikon nampa tamu, dikon ngesiki kamar. Sing sok kober mesakake weruh tandhang gawene Kasno malah Gimana. Kasno ki wonge sregep, enthengan, ora tau ngresula.

Wis meh setaun anggone Kasno mergawe ing hotel. Bener kandhane Gimana kepungkur. Yen dideleng saka jinise pakaryan, pancen gaweyane Kasno dudu pakaryan bergengsi. Iha ya mung pelayan hotel kelas mlathi. Nanging jebule bab penghasilan banget pantastis. Gaji sing ditampa bisa tikel limane gaji sing samesthine. Mulane padha krasan. Lan aja selak nduga sing ora-ora. Dhuwit sakmono kuwi resmi. Lire ora olehe ngapusi utawa korupsi. Wong kuwi pinangka tip saka tamu sing kelegan nampa servise.

Esuk iki Kasni ngresiki kamar Flamboyan 2. Dumadakan dheweke nem dhompot mlenthu, lemu, sing katut nalika narik seprei. Dhuwit iku gunggungé sayuta rong atus pitung puluh ewu. Dheweke langsung mlayu menyang resepsionis banjur takon. Pak Jatmiko sing lagi mentas saka kamar kuwi. Kasno enggal menyat nerusake anggone resik kamar. Dhompot lemu isih ana suwalike kaos njero. Kasno wis rampung anggone resik-resik. Dheweke kudu nyerake grafik aju-undure jumlah tamu ing sajrone setaun marang Pak Hermawan. Atine Kasno trataban kelingan dhompot lemu. Dheweke bingung arep crita apa ora. Dhuwit sakmono kuwi saumpama ditukokake pit montor ya oleh elek-elekanya wis oleh. Kasno terus mikir. Kasno dumadakan eling layang saka ndesa, saka Yekti Palupi. Prawan ayu sing wis rong taun nyambung katresnan karo dheweke.

Saka dhompet lemu mau ditambah celengane setaun mesthi wis cukup kanggo uba rampe nglamar. Sisane kena kanggo paitan wiraswasta. Bukak usaha cilik-cilikan.

Dheg! Dhadhane Kasno kaya didhodhog alu-gara nalika katimbangan dening Pak Hermawan. Tangane ngranggeh dhompet lemu. Tekade wis gembleng, dhuwit bakal diserahkan menyang pimpinan hotel. Kasno enggal-enggal menyat ngadhep Pak Hermawan banjur ngulukake data-data sing wis digawa. Kasno banjur crita bab dhompet lemu sing ditemokake winginane. Pak Hermawan malah guyu kumekelen lan menehi ucapan selamat marang Kasno sinambi salaman. Kasno bingung. Pak Hermawan banjur crita, dhuwit iku minangka dhuwit bayarane Kasno saksuwene nyambut gawe ing hotel sing dakpimpin. Kasno lolos pendadaran ujian saka Pak Jatmika, kanca pengusahane Pak Hermawan sing kepengin bukak usaha perhotelan ing kutha Wonosobo. Pak Sugeng butuhake wong sing iso ngelola. Kasno kepilih lan lolos saka ujian kuwi. Pak Hermawan lan Kasno banjur rangkulan. Kasno pantes nampa jabatan kuwi amarga dheweke sregep, jujur, cekatan, lan iso dipercaya.



### Filsafat Tresna

Lumrahe pancen manggon ing karang padesan. Nanging iki ora. Manggon ing perumahan elite kutha iki. Pancen aneh ing tengah kutha kok ana ledheke. Waris kojah neke-neka ngenani ledhek kuwi. Waris ngrembug awit sing elek nganti sing luwih elek. Wiwit saru nganti sing ngeneg-enegi. Kabeh dicritakake. Aku mung meneng wae. Aku eling kandhane Burhan, yasing mapanake aku ing dhaerah iki. Jarene, Waris kuwi preman tanggung. Tegese preman temenan ya during, nanging sing dilakoni akeh sethithik panggaotane preman.


Satemene aku durung pantes manggon ing dhaerah kuwi. Aku mono mung guru SMU golongan telu be. Saumpama biyen Burhan ora nawani, tanggeh lamun aku bisa ngrasakake ngenggoni omah rega atusan yuta ngene. Rong sasi kepungkur aku crita karo Burhan yen kontrakan omahku wis entek lan kepengen pindhah enggon ben ganti swasana. Burhan kandha kabeneran, omahe Paklike suwung lan ora arep dikontrakake, malah arep ngongkon uwong dikon nunggu. Kuwi wiwitane aku bisa manggon kene.

Karo isih thak-thuk nutuli keyboard aku rengeng-rengeng. Lagune ngawur, pokoke enak ning kupingku dhewe. Cendhela dakbukak byak. Saka lantai dhuwur iki aku bisa nyawang ngendi-endi. Aku isih nggethu gawe crita, karo kala-kala ngungak menjaba. Critane bab ledhek sing manggon ing perumahan mewah. Wusana karo sedhal sedhul dolanan keluk rokok aku mbuwang panyawang menjaba. Nyawang omah kanthi gaya arsitektur romawi kuna ing sabrang dalan. Ya ing omah kuwi ledhek, jare Waris jenenge ledhek Sayem manggon. BMW seri 5 birumetalik mandheg set, pas ngarep regol. Wong lanang wadon mudhun, jumangkah sarimbit. Rumangsa oleh pancadan logika. Ora kleru panemuku, ledhek kuwi digandhak wong sugih. Ditukokake omah mewah, lan bisa uga ditukokake sawah ing ndesane kana. Crita dakpungkasi tekan kono. Computer banjur takpateni.

Dina Minggu aku katekan dhayoh sing gawe ati trataban. Sapa maneh yen ora Waris. Pancen blaik temenan. Gek ana apa. Seprana seprene lagi sepisan iki dheweke sanja. Apa mbutuhake dhuwit? Jebul ora. Dheweke mung arep nyuntak

panguneg-unege. Nanging panguneg-unege jan gawe kagetku. Gawe ati giris. Jare dheweke arep mateni wong ngglembus gendhakane kedhek Sayem. Aku ngguyu. Nanging dakempet. Eling. Waris lagi serius. Kurang-kurang begjane aku sing dienggo tambel butuh. Waris mulih sawise ngesok tuntas bruwalane. Daktawani mangan dheweke nulak. Nanging nalika dakulungi Wismilak sabungkus ditampani.

Sesasi ora ana apa-apa. Rong sasi, telung sasi aman. Nganti sawijining esuk, nalika aku bali saka liburan kwartal ing desaku, aku kaged. Omah cakrik romawi kuna kuwi dirubung wong akeh. Malah ana polisi lan anjing pelacake barang. Jebul ana raja pati. Sing mati ledhek Sayem lan wong lanang sing jare gendhakane. Kringetku wiwit gembrobyos. Genah Waris ngleksanakake ancamane temenan. Ora lidok. Ing Koran local, esuke, aku bisa maca. Sing mateni wis kecekel. Ora ndadak digoleki amarga wis mara dhewe. Pasrah bongkolan karo barang buktine arupa badhik. Penak meneh alesane. Jare olehe mateni kuwi mung amarga saka tresnane.



## Panggung Sandiwara

Nalika ana pendaftaran omah murah, aku age-age melu ndaftarake. Milih tipe sing cilik dhewe, lan lemah sisane mung iso dienggo anjang-anjang pemeyan, nggo mepe klambi utawa karak yen kebeneran segane turah. Kuwi sing sisih mburi. Sing sisih iringan (mung sesisih, wong sisihe manehwis kelettemboke tangga), malah mung cukup kanggo salipan wedhus (ya yen ngingu wedhus). Nanging semono mau ora njur nyuda rasa syukur lan panarima. Malah keladuk mongkog, jer ambak ngonowa ora angger wong utawa pegawai bisa antuk kalodhangan. Lan aku kalebu sing begja, bisa ngenggoni, malah uga nduweni, omah pribadi sing ora campur maratuwa, sing bisa diatur sakarepe.

Sesasi candhake aku sida boyongan. Nyonyahku wiwit krasan, tegese nrasakake awak ana papan anyar. Aku nyicil seneng. Tangga lan calon tangga mbudul siji, loro, telu, lan embuh nganti pira. Aku kenalan. Ngenalake. Seneng, tanggane selot akeh. Luwih-luwih pendhak teka njur ngedum kerdusan isi panganan. Bancakan cara modern. Ora ngundang, nanging terus didum mubeng. Lan sing nyenengake maneh, isine kerdus ora mligi panganan awujud jajanan, kerep wae ketambahan sega beras kelas “wong sugih” digandhengi lawuhan sarwa iwak.

Wose bojoku crita. Pak Dwijo lan Bu Dwijo sing wis ngancik sepuh kuwi diboyong anake mbarep sing ana Salatiga. Njur omah kuwi disewakake. Sing nyewa pasangan enom, (Iki sing dadi underaning pirembugan). Jare wong-wong (tegese: tangga-tangga) iki ya jarene bojoku pasangan kuwi durung nikah resmi. Lan menawa pasangan kuwi urip bareng ana omahe Pak Dwijo, tegese kuwi “kumpul kebo”. Swaraku tak tandhesake. Malah memper wong srengen. Ing batin pancen aku kuwatir banget. Ya najan wis duwe anak siji, ning bojoku kuwi isih clondho, isih ijo. Umur wae durung ganep selikur. Mula sok gampang dipilut rembug. Luwih-luwih bareng kompleks perumahan wiwit umyeg. Pasangan “kumpul kebo” dadi kembang lambe. Kabeh ngrembug. Kabeh nacad. (Mesthine ya ana sing campur ewa). Aku sansya samar karo bojoku. Soale bojoku sejene omahe sing cedhak, adhep-adhepan, sajake ya kedadak kenal raket karo sing

wedok. Embuh cocok apane. Sing mesthi amarga umur-umurane sapantaran kuwi ayake.

Ora lidok! Seminggu sawise kuwi ana ontran-ontran. Pasangan sing manggon omahe Pah Dwijo kuwi ditangkep pemudha-pemudha kompleks, njur diirit menyang omahe Pak RT. Didhedhes-dhedhes jebul bocahe wedok kuwi statuse isih bojone uwong. Bojo keloro nanging resmi. Sing ngepek kuwi dagang campur tani sugih ing desane. Ya mung tuwa, saumure pake. Lha bocah lanang pasangane “kumpul kebo” kuwi sopire. Proses lan cita sabanjure embuh piye aku ora melu maneh. Ora ngurus. Ora mutus. Lan yo ora kepengin. Aku kepeksa melu-melu ngurus ana lelakon sing kebangeten. Jebule ing prastawa mau nyonyahku melu kelepetan blethok. Melu kecangking-cangking. Jarene sing lapor bojoku, liwat Bu RT. Saka Bu RT banjur menyang Pak RT. Banjur ana gropyokan kuwi mau. Wah, sakala sirahku kaya diblegi watu sak kebo. Nesu, uisin mbedhedheg, campur dadi siji. Kepenging ngobrak-abrik omah kompleks rasane. Bengine nyoyahku tak sidang tunggal. Tak teter pitakonan warna-werna. Dheweke sumpah-sumpah karo aku nangis kekeban bantal, kandha yen ora tau lapuran apa-apa.

